**दिन–शनिवार** **दिनांक–27.12.2025**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी नव दिल्ली मे आइ मुख्य सचिव सभक पांचम राष्ट्रीय सम्मेलनक अध्यक्षता कयलनि। तीन दिवसीय एहि सम्मेलनक शुरूआत शुक्र दिन सँ भेल आ एकर उद्देश्य राष्ट्रीय विकास प्राथमिकता सभ पर सतत गपशपक माध्यम सँ केन्द्र आओर राज्य सभक बीच साझेदारी के बढ़ावा देब अछि। ई सम्मेलन प्रधानमंत्री सहकारी संघवादक दृष्टिकोण पर आधारित अछि आ केन्द्र आओर राज्य कैँ एक मंच पर आनि कऽ देशक मानवपूंजी क्षमता आओर समावेशिता कैँ बढ़ावा आओर भविष्य मे विकासक गति तेज करबाक लेल एकीकृत रोड़ मैप तैयार कयल जायत।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी काल्हि भोरे एगारह बजे आकाशवाणी पर मन की बात कार्यक्रम मे देश–विदेशक लोक सभक संग अपन विचार रखतथि। ई कार्यक्रमक एक सय उनतीसम कड़ी होयत। मन की बात के प्रसारण आकाशवाणी आओर दूरदर्शनक संपूर्ण नेटवर्क पर कयल जायत। एकर अलावा आकाशवाणीक वेबसाईट आओर न्यूज ऑन एआईआर मोबाईल ऐप पर सेहो ई उपलब्ध होयत। कार्यक्रम कैँ प्रसार भारतीक वेव्स ओटीटी प्लेटफॉर्म पर सेहो सुनल जा सकैत अछि। मन की बात कार्यक्रम आकाशवाणी, दूरदर्शन समाचार, प्रधानमंत्री कार्यालय आओर सूचना तथा प्रसारण मंत्रालयक यू–ट्यूब चैनल सभ पर सेहो सीधा प्रसारण होयत। एकर तुरंत बाद मैथिली भाषा मे एकर प्रसारण आकाशवाणीक दरभंगा केन्द्र सँ कयल जायत। एहि प्रसारण के दुबारा राति आठ बजे सेहो सुनल जा सकैत अछि।

---

सिख सभक दसम गुरू आओर खालसा पंथक संस्थापक गुरू गोविन्द सिंह जी महाराजक तीन सय उनसठम प्रकाश पर्व आइ श्रद्धा आओर उल्लासक संग मनाओल जा रहल अछि। पटनाक तख्त श्री हरिमंदिर पटना साहिब मे मुख्य समारोहक आयोजन कयल जा रहल अछि। हरमंदिर साहिब मे विशेष दिवान सजाओल गेल अछि। शबद–कीर्तन आओर गुरूवाणी सँ पूरा वातावरण गुंजयमान अछि। प्रकाश पर्व मे भाग लेबाक लेल पैघ संख्या मे सिख संगत पटना साहिब पहुंचल छथि। एहि अवसर पर गुरूद्वारा गुरूक बाग, गुरूद्वारा मैनी संगत आओर गुरूद्वारा बाललीला मे सेहो विशेष आयोजन कयल गेल अछि। राष्ट्रपति द्रौपदी

मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी, राज्यपाल आरिफ मोहम्मद खां आओर मुख्यमंत्री नीतीश कुमार दसमेष गुरूक जन्मोत्सव पर लोक सभकेँ शुभकामना देलनि अछि। प्रधानमंत्री श्री गुरू गोविन्द सिंह जी केँ जन्म स्थान तख्त श्री हरिमंदिर जी पटना साहिबक एहि वरखक यात्राक चित्र साझा करैत कहलनि जे ई गुरू महाराजक साहस, करूणा आओर त्यागक प्रतीक छथि। राज्यपाल अपन संदेश मे कहलनि जे गुरू गोविंद सिंह जी शौर्य, साहस आ त्यागक प्रतिमूर्ति छलथि। मुख्यमंत्री नीतीश कुमार सेहो अपन संदेश मे कहलनि जे गुरू गोविंद सिंह जी महाराजक जीवन संपूर्ण मानवताक लेल प्रेरणादायी अछि।

———————————————————

बिहार विधानसभा चुनावक नतीजा के लऽकऽ बिहार कांग्रेसक वरिष्ठ नेता सभ चुनाव आयोगक विरूद्ध पटना हाई कोर्ट मे मामिला दर्ज करौलनि अछि। कांग्रेस नेता अमित टुन्ना, ऋषि मिश्रा, प्रवीण कुशवाहा, तौकीर आलम, शशांक शेखर सेहो मामिला दर्ज कयलनि अछि।

———————————————————

उपमुख्यमंत्री सह राजस्व एवं भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा कहलनि जे राज्य मे आइ सँ मात्र एक आवेदनक आधार पर पूरा परिवारक जमीनक जमाबंदीक प्रक्रिया शुरू कऽ देल गेल अछि। पटना मे पत्रकार सभ सँ गपशप करैत श्री सिन्हा कहलनि जे बिहार भूमी पोर्टल पर बटवारा दाखिल खारिजक नव व्यवस्था लागू कऽ देल गेल अछि। आब खतियानी जमीनक बँटवाराक बाद मात्र एक आवेदनक आधार पर सभ हिस्सेदारी सभक नाम सँ दाखिल खारिज कयल जायत। एहि सँ आम लोक सभ केँ अनावश्यक दिक्कत नहि होयत।

———————————————————

पछवा हवाक प्रभाव सँ प्रदेशक अधिकांश भाग में शीतदिवसक स्थिति बनल अछि। अत्यधिक ठंडा आओर कुहासाक कारणे आम जनजीवन प्रभावित भेल अछि। अधिकांश स्थानक न्यूनतम तापमान दस डिग्री सेल्सियस सँ नीचां चलि गेल अछि। पांच दशमलव दू डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग गया राज्यक सभ सँ बेसी ठंडा स्थान रहल। मौसम विभाग आइ राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य आओर दक्षिण भागक विभिन्न जिला सभ में शीत दिवसक अलर्ट जारी कयलक अछि। एम्हर, बहुत बेसी कुहासाक कारणे दृश्यताक स्तर कम होयबा सँ सड़क, रेल आओर हवाई यातायात प्रभावित भेल अछि।

———————————————————

दरभंगा जिलाक लगमा स्थित जगदीश नारायण ब्रह्चर्याश्रय आदर्श संस्कृत महाविद्यालय मे "भारतीय ज्ञान परम्पराक समुत्त्कर्ष मे मैथिल मनीषियों का योगदान" विषय पर एक दिवसीय राष्ट्रीय संगोष्ठीक आयोजन कयल गेल। संगोष्ठी मे देशक विभिन्न भाग सँ आयल शिक्षाविद् आओर शोधार्थी लोकनि अपन विचार प्रस्तुत कयलनि।

---

समाप्त